



YAYASAN BERNARDUS
SMA THERESIANA “TERAKREDITASI”
Jl.Tamtama Weleri 51355,Kendal,Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

Nama :
Kelas :

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL
Tahun Ajaran 2022/2023

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : XI MIPA/IPS
Hari / Tanggal : Senin, 5 Desember 2022
Jam : 09.30-11.00 WIB

PETUNJUK UMUM :

1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir pilihan ganda.
4. Kerjakan pada lembar jawab. Apabila ada jawaban yang anda anggap salah dan ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis mendatar pada jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang pada huruf yang anda anggap benar.

**** SELAMAT MENGERJAKAN ****

Wenehana wangsulan a,b,c,d, utawa e kang bener kanthi menehi tandha ping (X) !

1. Serat wedhatama kadhapak saka telung wanda yaiku serat, wedha, lan tama. Tembung “wedha” ateges
 - A. Kitab
 - B. Lembaran
 - C. Kawruh
 - D. Luhur
 - E. Utama
2. Mangkunegara IV kalebu priyayi kang diormati amarga dheweke dadi pangarsa ing kraton Mangkunegaran. Tembung “Pangarsa” padha tegese karo...
 - A. Urip
 - B. Raja
 - C. Mantri
 - D. Prajurit
 - E. Punggawa

Pethikan tembang Pocung kanggo pitakonan nomer 3-5.

Ngelmu iku, kalakone kanthi laku

Lekase lawan kas

Tegese kas nyantosani

Setya budya pangekese dur angkara

3. Tegese “Lekase lawan kas” yaiku...
 - A. Njaluk dialebana saben dina
 - B. Adoh saka kasunyatan
 - C. Ora gelem diarani bodo
 - D. Wong pinter kang waspada ngalah
 - E. Kawiwitan kanthi niat
4. Saka tembang ing dhuwur paugeran tembang pocung yaiku...
 - A. 11u, 6a, 8i, 12a
 - B. 12u, 6a, 8i, 12a
 - C. 12u, 7a, 8i, 11a
 - D. 12u, 7a, 7i, 12a
 - E. 10u, 6a, 7i, 12a
5. Tembang pocung menika gadah watak yaiku...
 - A. Sabar lan grapyak
 - B. Ngemu kenepson
 - C. Sakepenake lan kurang greget
 - D. Tinarbuka
 - E. Antepan ati lan gagah

Pethikan tembang kangge pitakonan nomer 6-8.

Angkara gung, neng angga anggung gumulung

Gegolonganira

Triloka lekere kongsi

Yen den umbar ambabar dadi rubeda

6. *Angkara gung, neng angga anggung gumulung, ateges...*
 - A. Manungsa iku bakal urip ing telung alam
 - B. Angkara murka kang dumunung awake dhewe
 - C. Aja mihak marang wong kang tumindak cilaka
 - D. Yen tumindak ala ora dikendhaleni bakal nyilakani
 - E. Angkara kang ora dikendhaleni tundhane bakal nuwuhake prakara
7. *Yen den umbar ambabar dadi rubeda, ateges ...*
 - A. Manungsa iku bakal urip ing telung alam
 - B. Angkara murka kang dumunung awake dhewe
 - C. Aja mihak marang wong kang tumindak cilaka
 - D. Yen tumindak ala ora dikendhaleni bakal nyilakani
 - E. Angkara kang ora dikendhaleni tundhane bakal nuwuhake prakara
8. Wos surasane tembang ing dhuwur yaiku...
 - A. Manungsa iku bakal urip ing telung alam
 - B. Angkara murka kang dumunung awake dhewe
 - C. Aja mihak marang wong kang tumindak cilaka
 - D. Yen tumindak ala ora dikendhaleni bakal nyilakani
 - E. Angkara kang ora dikendhaleni tundhane bakal nuwuhake prakara

9. “Durung punjul, ing kawruh kaselak jujul.” Ukara kasebut ateges...
- Durung gedhe nanging kaselak pengin diarani bocah gedhe
 - Durung dewasa nanging kaselak pengin diarani wong dewasa
 - Durung mudheng nanging kaselak pengin pungen diarani mudheng
 - Durung genah nanging kaselak pengin diarani wong sing genah
 - Durung pinter nanging kaselak pengin diarani pinter

KD 3.2

Mogokipun oto wau wonten tengah-tengahing "ulak, kaprenah sangandhaping dhusun Kledhung. Dene Kledhung punika dumunung ing papan ingkang inggil, kleresingkang ereng-erengipun redi Sumbing kaliyan Kreteg (Wanasaba). Saking Kledhung dhateng Parakan utawi Kreteg sami tumurunipun.

(Ngulandara, Margono Djajaatmaja)

10. Manut crita kasebut, latar kedadeyan ana ing ngendi....
- Temanggung
 - Parakan
 - Wonosobo
 - Weleri
 - Redi Sumbing

11.

Oto kalih pisan lajeng sami bidhal. Lampahipun sae, swantening motor boten wonten geshipun, Mrantandhani oto ingkang risak sampun pulih kados waunipun. Priyantun ketiga wau bingahipun boten kenging winiraos. Rumaos tampi kanugrahaning Pangeran, oncat, saking raos pegel, atis lan sumelang. Ingkang estri sanjang dhateng ingkang jaler kanthi bingah, ketitik saking solah lan swantenipun

“Kuwi mau sapa ta, pak?”

“embuh ya bu”

Anakipun nyambeti : “Dhateng Bapak kok matur :ndara. Sajak sampun sumerep”.

“Kiraku ya uwis, nanging aku durung weruh. Ayakna sopir taksi”.

“ah kiraku dudu pak. Wong bocahe bagus ki, polatane jatmika.”

(Ngulandara, Margono Djajaatmaja)

“ah kiraku dudu pak. Wong bocahe bagus ki, polatane jatmika.”

Tembung “jatmika” tegese...

- Ala
- Elek
- Bagus
- Ndongos
- Brengos

12.

R.S Ranuasmara nyeritakake marang Sri Endah Wahyuningsih babagan nom-nomanne R. Sukmana lan R.A Tien Tisnowati sing nduweni rasa katresnanan marang siji lan sijine, ananging bapak R.A Tien Tisnowati ora menehi restu marang hubungan R. Sukmana lan R.A Tien Tisnowati.

R.A Tien Tisnowati dijodohke karo R.M Purwodirjo lan nduweni anak jenenge Sri Endah Wahyuningsih, dene R.S Sukmana pepasangan karo Dede Siti Kurniasih lan nduweni putra jenenge Sutrisno.

“Kumandanging Katresnan, Any Asmara”

InG certa kasebut panganggit migunakake alur yaiku...

- A. Maju
- B. Mundur
- C. Campuran
- D. Flashback
- E. Kilas balik

13.

"Ana sawijining dina nomnoman jenenge R. Sukmana umure 19 tahun, murid M.U.L.O duwe kanca jenenge R.A Tien Tisnowati putri sala asli, putrane R.B. Djajengsubroto pensiunan Wedana Bajalali."

saking serita kasebut panganggit migunakake punjering cerita yaiku...

- A. Wong kapisan
- B. Wong kapindho
- C. Wong katelu
- D. Impersonal
- E. Personal

Pethikan novel ing ngisor iki kanggo pitakonan nomer 14-15 .

Ibu gerah? Badhe ngunjuk obat? Badhe mara dhokter bu?" Kekarepane Kinanthi kang karep raket karo ibune lan kepingin ngrawat sarta nunggoni ibune, kabeh kuwi sirna nalika Kinanthi dithundhung dening ibune, Yulia. Wiwit cilik dheweke ora tau dirawat Yulia, amarga kuwi dheweke ora tau ngrasakake kasih sayang saka Ibune.

(Kinanthi, karya Margaret Widhy Pratiwi)

14. Tema pethikan teks novel ing dhuwur yaiku...

- A. Katresnan
- B. Kabagyan
- C. Bebrayan
- D. Kulawarga
- E. Kasangsaran

15. Pitutur luhur kang kamot ana ing pethikan teks novel kasebut yaiku...

- A. Dadi wong tuwa kudu nggatekake anak
- B. Dadi wong tuwa kudu sabar karo anak
- C. Dadi wong tuwa ora entuk galak karo anak
- D. Dadi anak kudu manut karo wong tuwa
- E. Dadi wong tuwa ora entuk nelantarke anak

KD 3.3

Pethikan sesorah kanggo pitakonan nomer 16-17.

Lumantar pidhato basa jawa “Tresna Karukunan” punika kula aturaken dhumateng awak kula piyambak ugi para rawuh sumangga kita saged langkung ngati-ati anggenipun paring piwulangan tumrap putra lan putri kita sedaya. Cekap semanten, ingkang saged kula aturaken, mbok bilih wonten kalepatan, kula nyuwun agunging pangaksami.

16. Peranga sesorah iku mapan ana...
 - A. Purwaka
 - B. Salam pambuka
 - C. Surasa
 - D. Salam panutup
 - E. Panutup
17. Ing acara pitulisan, dumadakan Pak Baskoro didhawuhi menehi atur pambagya kanggo Pak Camat. Saka andharan ing dhuwur, bisa dimangerteni menawa Pak Baskoro migunakake metode sesorah ...
 - A. Naskah
 - B. Apalan
 - C. Impromptu
 - D. Ekstemporan
 - E. Teks
18. Ing ngisor iki kang kalebu perangan atur pamuji sukur, yaiku...
 - A. Bapak kepala sekolah ingkang satuhu kula bekteni, bapak utawi ibu dwija saha karyawan sedaya ingkang kula tresnani.
 - B. Kaping kalih anggenipun kula jumeneng ing ngarsa panjenengan sedaya saperlu badhe ngaturaken sesorah babagan Sumpah pemuda.
 - C. Mangga kita sedaya ngaturaken puji sukur dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Agung tansah pinaringan nikmat sehat sentosa dhumaten kula saha panjenengan supados kita taksih saged sinau ing pawiyatan punika.
 - D. Cekap semanten ingkang saged kula aturaken babagan Sumpah Pemuda, mbok bilih wonten klentunipun tindak-tanduk, kula nyuwun agunging pangaksami.
 - E. Wosipun sumpah saha prasetya punika dipunwarisaken dhumateng putra wayah supados mujudaken sedaya gegayuhan kamardikan saha gesang kanthi gemah ripah loh jinawi.

Pethikan sesorah kanggo pitakonan nomor 19 lan 20.

Sakit punika kawiwitan kalih dinten ngantos tigang minggu sesampunipun tiyang kaserang virus punika kanthi tandha-tandha ndhrodog, sakit gurung, sakit ing otot bayu, lan sakit ing sirah.

19. Ukara kasebut kalebu perangan sesorah...
 - A. Surasa basa
 - B. Purwaka basa
 - C. Wasana basa
 - D. Dudutan
 - E. Atur pangaksama
20. Tembung “sakit gurung” ing pethikan sesorah kasebut ngemu teges lara....
 - A. Panas
 - B. Tenggorokan
 - C. Diare
 - D. Otot
 - E. Liver
21. Ing ngisor iki kang kalebu atur pakurmatan ing sesorah yaiku....
 - A. Assalamualaikum wr.wb
 - B. Panjenenganipun para sesepuh, para pinisepuh wonten ing desa sawangan ingkang pantes sinudarsana.
 - C. Langkung rumiyin sumangga kita sedaya tansah muji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Murbeng Dumadi.

- D. Para rawuh mekaten ingkang dados atur kula, muga wonten paedahipuntumprap kita sedaya.
- E. Wasana sugeng mirsani pagelaran ringgit wacucal sedalu natas kanthi dhalang Ki Enthus Sudarsono Prayitno Kanthi lampahan Sri Mulih.
22. Setunggal lan setunggalipun mugè caos penget, menawi wonten tumindak ingkang nalisir saking garising leres, supados sedayanipun tansah saged lumampah ing tumindak leres saengga saged dados tuladha tumrap para mudha senesipun Dhusun Sukorjo miki.
- Perangan sesorah ing dhuwur ngandharake...
- A. Purwaka basa
- B. Wasana basa
- C. Surasa basa
- D. Atur pakurmatan
- E. Atur pangapura
23. "... mugè-mugè saged manfaati kagem kita sedaya. Mugè-mugè Allah SWT tansah ngreksa kasarasan kita sedaya."
- Perangan sesorah ing dhuwur ngandharake...
- A. Purwaka basa
- B. Wasana basa
- C. Surasa basa
- D. Atur pambagyaharja
- E. Atur pangapura

Pretelan sesorah kanggo pitakonan nomer 24-25

Kepala Dhusun menèhi sesorah bab karesikan lingkungan lan nduweni kekarepan kabèh warga Dhusun Sidodadi gelem resesik lingkungane supaya ora ana manèh omah lemut kang bisa gawe cilaka kanggo warga.

24. Tema saka sesorah kepala Dhusun ing dhuwur kan trep yaiku...

A. Kaséhatan

B. Pèndhidhikan

C. Adat

D. Kabudayan

E. Reboisasi

25. Ancasé kepala Dhusun menèhi sesorah kasebut yaiku...

A. Awèh kawruh

B. Awèh panglipur

C. Atur pangajak

D. Menèhi fakta

E. Menèhi informasi

26. 1. Wasana basa
2. Wigati
3. Salam pambuka
4. Salam panutup
5. Isi
6. Pangarep-arep
7. Purwaka basa

Urutan cengkorongan sesorah kang bener yaiku...

A. 1-2-3-4-5-6-7

B. 2-3-4-5-6-7-1

C. 3-7-5-2-6-1-4

D. 3-7-5-6-2-1-4

E. 3-7-5-4-1-2-6

KD 3.4

27. Adicara paningsetan dipunlampahi sabubaripun adicara srah-srahan. Adicara menika dados lambang kakiyatanipun pangandikan penganten saged ngawujudaken. Paningset diputengeri kanthi liru kalpika dening calon temanten kekalih.
Isine paragraf kasebut medharake babagan....
- A. Panggih
 - B. Lamaran
 - C. Paningsetan
 - D. Timbang
 - E. Kacar-kucur
28. Ing adicara mantu, ana sawijining acara arupa penganten kloron dhahar dulang-dulangan minangka pralambang penganten arep nglampahi urip bebarengan kanthi susah utawa seneng.
Upacara kasebut dipunwastani...
- A. Midadereni
 - B. Dhahar klimah
 - C. Mertui
 - D. Panggih
 - E. Srah-srahan
29. Paningset ditengeri dening tukar kalpika dening calon temanten kalih.
Tembung "Kalpika" tegese....
- A. Kalung
 - B. Gelang
 - C. Suweng
 - D. Ali-ali
 - E. Giwang
30. Siji pesthi, loro jodho, telu wahyu, papat pangkat, lima donya iku sinandhi mung Gusti kang Maha Kuwaos kang bakal peparing, nanging kabeh uga kudu dikantheni bektine anak marang wong tuwa. Tatacara mantu kang maknane wujud bekti mring wong tuwa yaiku...
- A. Siraman
 - B. Midodareni
 - C. Kacar-kucur
 - D. Sungkeman
 - E. Wiji dadi
31. Wis jamak lumrahe yen wong lanang iku kudu tanggung jawab marang kulawargane, mula kudu bisa menchi nafkah marang kulawargane. Tatacara mantu kang jumbuh karo pratelan iku...
- A. Siraman
 - B. Midodareni
 - C. Kacar-kucur
 - D. Sungkeman
 - E. Upacara wiji dadi



32. Gambar ing dhuwur mujudake tatacara...
- A. Sungkeman
 - B. Midodareni
 - C. Paes
 - D. Siraman



A. Sungkeman
B. Midodareni
C. Paes
D. Siraman
E. Balangan gantal

34. **[[ပါကပါဠိစာအက္ခရာ ၂ ပါး]]** ကျား ကလေး
Ukara kasebut aksara latine

35. Yuswane simbah Elfikar 87 taun. Aksara Jawane yaiku ...

[illegible]

A. ॥ នេតិបោធិព្យាគាឧបាស្ថាប័ត្យ ព្យាណាភវីបោធិ ॥

B. ॥ នេតិបោធិព្យាគាឧបាស្ថាប័ត្យ ព្យាណាភវីបោធិ ॥

C. ॥ នេតិបោធិព្យាគាឧបាស្ថាប័ត្យ ព្យាណាភវីបោធិ ॥

D. ॥ នេតិបោធិព្យាគាឧបាស្ថាប័ត្យ ព្យាណាភវីបោធិ ॥

